



Viv byen, viv an bòn sante.

**NYC** | **YOUNG MEN'S INITIATIVE**


Eskane kòd QR sa a ak telefòn entelijan  
ou an pou w jwenn aksè ak ti liv sa a sou entènèt!

[www.nychealthandhospitals.org](#)

**RETE KONEKTE. SWIV NOU.**

# Yon gid pou gadyen

**NYC**  
**HEALTH+**  
**HOSPITALS**



## Kisa k ap pase lè ptit mwen an gen 18 lane?

Aprè 18yèm anivèsè ptit ou a, ou pa gadyen legal li ankò. Dapre lalwa, tout moun ki gen 18 lane ak plis yo prezime konpetan. Legalman, *konpetans* defini kòm kapasite pou yon moun pran desizyon sou swen sante li, finans li ak lòt bagay enpòtan nan lavi li.

Nan swen sante, yo detèmine konpetans lan pa rapò ak kapasite yon moun pou li bay *yon konsantman enfòme* pou tretman medikal li. Konsantman enfòme se kapasite pou konprann tout avantaj ak risk ki asosye avèk tretman medikal ou a. Si ou santi ke ptit ou a pa kapab bay yon konsantman enfòme, ou kapab chèche vin gadyen l'apre 18yèm anivèsè li. Sa ka pwoteje l epi ede timoun ou an ki adilt la lè li ap resevwa swen medikal.

## Kisa yon gadyen ye?

Legalman, se paran oswa yon adilt yo fè konfyans ke tribinal yo bay gadyen. Se yon dwa legal pou yon moun pran desizyon pou yon lòt moun ki "pa kapab" pran bon desizyon ki nan pwòp enterè li. Yo konsidere tout moun kòm konpetan yon fwa yo gen 18 lane. Nan medsin, *Konpetans* defini kòm kapasite pou yon moun bay yon konsantman enfòme oswa kapasite moun nan pou li byen konprann swen li dakò pou li resevwa yo.

Si ptit ou a gen 18 lane epi ou kwè li toujou bezwen èd pou li pran desizyon medikal, yo ka chwazi oumenm oswa yon lòt adilt yo fè konfyans kòm gadyen legal pou pwoteje li. Se yon doktè ak yon sikològ ki sipoze evalye konpetans timoun ki adilt ou an.

## Ki moun ki kalifye pou vin yon gadyen legal?

Nan eta New York, nenpòt moun ki gen plis pase 18 lane, ki se yon sitwayen ameriken legal ka vin yon gadyen elijib. Gadyen legal yon minè nòmalman, se paran minè a, men li kapab tou yon fanmi oswa yon granmoun ou fè konfyans. Yon moun ki gen yon dosye kriminèl pa ka elijib pou vin yon gadyen.

## Pwosesis pou vin yon Gadyen

### Gadyen yon Minè

Pou vin yon gadyen, ou dwe:

- + Depoze yon petisyon nan tribinal pou vin yon gadyen.
- + Fè yon doktè ki gen lisans evalye pitit ou a **epi** fè yon sikològ ki gen lisans evalye l konsènan konpetans li pou li pran desizyon medikal yo.

Si yo deside ke ptit ou a pa kapab bay konsantman enfòme pou desizyon medikal yo, yo ap fè yon odyans kote yo ap chwazi yon gadyen legal.

## Tip Gadyen yo

*Gadyen Tanporè*, yo akòde l nan sitiyasyon ijans lè yon moun pa kapab pran pwòp desizyon pa l. Nan eta New York, yo ka akòde yon moun gadyen tanporè a menm moman an epi sa ap dire jiska 60 jou.

*Gadyen Ranplasan*, li pèmèt yon moun gadyen tanporè yon minè lè paran an pa ka pran swen minè a. Anjeneral, sa rive lè paran an malad oswa si li mouri.

Ou ka jwenn tout enfòmasyon ki nesesè pou depoze yon petisyon nan sit entènèt Tribunal Eta New York pou Depoze Dosye Elektwonik la (New York State Courts Electronic Filing, NYSCEF) ki anba a:

<http://www.nycourts.gov/courthelp//Guardianship/basics.shtml>

## Definisyon tèm yo

**Adilt ki pa kapab pran desizyon:** Yon moun ki gen plis pase 18 lane ki pa kapab pran desizyon pou tèt li.

**Gadyen:** Dwa ke lalwa bay yon moun pou pran desizyon sou edikasyon, finans ak swen medikal yon timoun, yon adilt ki pa kapab pran desizyon oswa yon adilt ki gen twoub nan devlopman.

**Konsantman enfòme:** Pèmisyon yon pasyan akòde ak ekip medikal li ki di ke li konprann tout risk ak avantaj sèvis l ap resevwa yo.

**Mandatè swen sante:** Yon moun yon pasyan chwazi pou pran desizyon pou swen sante pou li si li pa ka pran desizyon pou tèt li.

**Petisyon pou nonmen yon gadyen:** Dokiman ki nesesè pou yon moun vin gadyen yon minè, yon adilt ki pa kapab pran desizyon oswa yon adilt ki gen twoub nan devlopman.

**Pipiy (Ward):** Moun gadyen an ap pran desizyon pou li an. Yo ka yon minè, yon moun ki gen twoub nan devlopman oswa yon adilt ki pa kapab pran desizyon.

**Twoub nan devlopman:** Yon kondisyon ki ka limite kapasite yon moun pou bay konsantman enfòme. Kondisyon sa a rive depi nan anfans timoun nan epi li ka gen rapò ak aprantisaj, langaj, konpòtman ak/oswa devlopman fizik.

**Yon Gadyen:** Yon moun ki gen 18 lane oswa plis ki gen pouvwa pou pran desizyon sou edikasyon, finans ak swen medikal yon timoun, oswa yon adilt ki pa kapab pran desizyon oswa yon adilt ki gen twoub nan devlopman.

